

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI

KONTRA POU SIBVANSYON ADOPSYON ANSANM AK DEPANS POU ADOPSYON KI PA RENOUVLAB

Premye Aplikasyon

NÒT: **Paran adoptif la (yo)** – Tanpri pran san w pou w li kontra sa a anvan w siyen I, sa gen ladan I kopi rezime pwogram sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon ki pa renouvlab yo nan Nouyòk (Apendis A). Paran adoptif la (yo) gen dwa pou I (yo) konsilte yon avoka anvan I (yo) siyen kontra sa a. Paran adoptif la (yo) dwe siyen epi resevwa yon kopi nan kontra sa a. Kontra sa a dwe soumèt epi jwenn yon apwobasyon final anvan adopsyon an fini nèt pou n ka konfòrmé n ak egzijans federal ki nan Tit IV-E.

Seksyon I

Enfòmasyon sou Timoun nan

Prenon Timoun Nan: _____

Dat Nesans Timoun lan: _____

Dat Timoun nan lib pou adopsyon: _____

Dat Siyati Kontra Plasman Adopsyon: _____

Dat yo te kanpe adopsyon ki te gen anvan an (si te genyen): _____

Dat timoun nan te antre lakay moun ki te adopte I la: _____

Non ansanm ak adrès konplè pou paran adoptif la (yo)

Paran adoptif: _____

Paran adoptif: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Konte: _____

Eta: _____

Kòd Postal: _____

Telefòn: () _____

Ekstansyon: _____

Non ak adrès Depatman Sèvis sosyal oswa Ajans volontè Otorize ki responsab timoun nan epi okipe I

Non: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Konte: _____

Eta: _____

Kòd Postal: _____

Non Jesyonè dosye: _____

Nimewo Telefòn Jesyonè dosye: () _____

Ekstansyon: _____

Non ak Adrès Ajans Planifikasyon Dosye a (Si Genyen)

Non: _____

Adrès: _____

Vil: _____

Konte: _____

Eta: _____

Kòd Postal: _____

Non planifikatè dosye: _____

Nimewo Telefòn planifikatè dosye: () _____

Ekstansyon: _____

Seksyon II

Objektif Kontra a

Lalwa federal ak Eta a egzije pou pèman pou sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon non renouvlab yo kapab fèt sou baz yon kontra ekri. Kontra sa a pral pèmèt travayè ki nan depatman sèvis sosyal yo ak/oswa travayè ajans lan konnen si yo pral bay yon sibvansyon pou adopsyon ak depans pou adopsyon ki pa renouvlab yo.

Pwogram sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon non renouvlab yo nan Nouyòk bay yon kòb pou sibvansyon pou tout paran ki adopte timoun ki kalifye yo, san yo pa teni kont de salè paran adoptif la (yo). Sepandan, genyen yon seri kritè k ap detèmine ki kantite ak ki tip sibvansyon ki pral bay. Yo bay esplikasyon sou yo nan rezime pwogram sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon ki pa renouvlab yo nan Nouyòk ki mache ansanm ak kontra sa a epi ki atache la a (gade Apendis A). Kontra sa a pral endike byen klè sibvansyon y ap bay yo epi li pral idantifye kondisyon k ap afekte sibvansyon sa yo. Li pral endike tou nan ki sikonsans y ap kapab chanje sibvansyon yo alavni, epi si chanjman sa yo pral mande yon nouvo kontra ak apwobasyon Eta a, oswa annik fè kék chanjman nan kontra sa a.

Selon lalwa nan Nouyòk, Eta a prevwa yo kapab aksepte yon demann èd pou adopsyon depi anvan timoun nan vin totalman lib pou yo adopte I, men yo pap ka bay yon apwobasyon final ak demann lan toutotan timoun nan pa lib konplètman pou yo adopte I.

Depi paran adoptif la (yo) fin ranpli epi siyen kontra a ansanm ak depatman sèvis sosyal ki konsène yo epi li jwenn apwobasyon final nan biwo timoun yo ak sèvis fanmi (Office of Children and Family Services [OCFS]), oswa pa mwayen depatman sèvis sosyal yo si OCFS la te otorize pou depatman an bay kontra a yon apwobasyon final, se yon kontra ant paran adoptif la (yo) ak depatman sèvis sosyal yo oswa OCFS ann amoni ak lwa Eta a nan Nouyòk bay ansanm ak règleman OCFS yo. Yo pral bay paran adoptif la (yo) yon kopi nan dènye kontra ki siyen an. ***Paran adoptif la (yo) ta dwe konsève yon kopi nan kontra a ansanm ak rezime Pwogram Sibvansyon Adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon non renouvlab yo nan Nouyòk.***

Seksyon III

Kalite Kondisyon Sibvansyon an

Timoun nan kalifye pou sibvansyon selon kategori seleksyone a.

YON Timoun Andikape (Seleksonye tout sa ki aplikab yo):

Yon timoun ki gen yon kondisyon fizik, mantal oswa emosyonèl ki grav oubyen yon andikap ki grav oswa ki natirèl, selon OCFS, sa ta kapab reprezante yon gwo pwoblèm pou adopte timoun nan. Kondisyon sa yo bay timoun nan dwa pou I jwenn yon sibvansyon pou adopsyon. Kondisyon sa yo ladan tou, men li pa limite ak sa ki vin annapre yo:

1. Yon eta sante oswa eta dan li ki pral mande pou entène tanzantan, pou fè tretman oswa plede pran randevou pou jwenn swen souvan;

OSWA

2. Yon andikap fizik akoz yon pwoblèm oswa yon defòmasyon fizik, kit li te fèt konsa oswa I te fè aksidan, li te blese oswa malad, ki petèt ta ka fè timoun nan pa ka aprann lekòl ditou oubyen sa fè li pa gwo kapasite pou aprann lekòl oswa li pa ka travay pou fè kòb, jan yo di sa nan seksyon 1002 ak 4001 nan lwa sou edikasyon oswa ki fè oubyen ki petèt ta ka fè timoun nan andikape, jan yo di sa nan seksyon 2581 nan lwa sou sante publik la;

OSWA

3. Gen gwo pwoblèm nan figi, tankou pèdi oswa gen kèk defòmasyon nan vizaj, nan pwatrin oswa nan manm li yo;

OSWA

4. Yo idantifye yon pwoblèm sou pèsonalite oswa sou konpòtman, yon twoub mantal, yon enkapasite entelektyèl ki grav oswa yon pwoblèm nan sèvo ki gen gwo efè sou kapasite timoun nan genyen pou I gen kontak ak kamarad li yo ak/oswa otorite, sa gen ladan I yon reta mantal oubyen yon andikap nan devlopman.

Dyagnostik Timoun nan:

Nòt: Yo dwe voye dokiman dyagnostik ki pi wo a ale jan OCFS mande sa.

**Seksyon III - Swit
Kalite Kondisyon Sibvansyon an**

B Difisil pou plase: Yon timoun ki pa yon timoun ki andikape (seleksyone tout sa ki aplikab yo):

1. ki nan yon gwoup ki gen de frè ak sè (sa gen ladan I demi-frè ak demi-sè) ki lib pou yon adopsyon paske yo panse li t ap bon pou gwoup la ret ansanm ann amoni ak atik 421.2(e) ak atik 421.18(d) nan 18NYCRR;

AK

- a. omwen youn nan timoun yo gen senkan oswa plis laj;

OSWA

- b. omwen youn nan timoun yo se manm yon ti gwoup ki sir-reprezante nan fwaye akèy Eta Nouyòk la konpare ak pousantaj gwoup sa a parapò ak popilasyon total ki nan Eta sa a.

OSWA

- c. pou pi piti, omwen youn nan timoun yo kalifye pou yon sibvansyon;

OSWA

2. ki se frè ou sè oswa demi-frè ou sè yon timoun yon fanmi deja adopte epi fanmi sa a wè li nesesè pou timoun sa yo viv ansanm ann amoni ak 18NYCRR 421.2(e) ak 421.18(d);

AK

- a. omwen timoun yo adopte a gen 5kan oswa plis laj;

OSWA

- b. timoun nan se manm yon ti gwoup ki sir-reprezante nan fwaye akèy Eta Nouyòk la konpare ak pousantaj gwoup sa a parapò ak popilasyon total ki nan Eta sa a.

OSWA

- c. frè ak sè yo oswa demi frè ak sè yo deja adopte yo kalifye pou yon sibvansyon oswa yo ta kapab kalifye si gen yon demann ki te fèt pandan oswa anvan adopsyon an;

OSWA

3. ki nan yon gwoup ki gen de frè ak sè (sa gen ladan I demi-frè ak sè) ki lib pou yon adopsyon paske yo panse li t ap bon pou gwoup la ret ansanm ann amoni ak atik 421.2(e) ak atik 421.18(d) nan 18NYCRR;

OSWA

4. ki gen 8tan oswa plis epi ki nan yon ti gwoup ki sir-reprezante nan fwaye akèy Eta Nouyòk la konpare ak pousantaj gwoup sa a parapò ak popilasyon total ki nan Eta sa a;

OSWA

5. ki gen 10 zan oswa plis laj;

OSWA

6. ki difisil pou rete ak lòt paran li a (yo) ki diferan de paran akèy li gen kounye a (yo) paske se menm paran akèy sa a (yo) ki te responsab li pandan 12 mwa oswa plis anvan paran akèy sa a (yo) te siyen kontra pou fwaye adapsyon an epi li te gen yon gwo attachman pou paran akèy sa a (yo), tandiske fason yo te konn trete I ak lefètke I ap kite yo sa ka gen konsekans negatif sou devlopman timoun sa;

OSWA

7. ki pa t seleksyone pou yon adopsyon nan 6 mwa ki vin apre dat kote yon ansyen adopsyon te fini epi timoun nan te vin sou kont responsab sèvis sosyal yo oswa yon Ajans volontè otorize; **[Sibvansyon Eta a sèlman]**

OSWA

8. ki pa t seleksyone pou yon adopsyon nan 6 mwa ki vin apre dat kote se responsab sèvis sosyal yo ki te responsab li epi ki t ap pran swen I, oswa yon Ajans volontè otorize; **[Sibvansyon Eta a sèlman]**

Seksyon IV

Kalifikasyon pou Asistans Federal pou Adopsyon

Pou yon timoun kalifye pou jwenn èd adopsyon gouvènman federal la finanse a (nan Nouyòk yo konnen I sou non sibvansyon pou adopsyon) se yon bagay ki kalkile depi lè yo te chwazi yon moun pou okipe timoun nan, epi yo te wè se te yon timoun ki merite kèk konsidérasyon espesyal anvan yo fini ak adopsyon an.

- Timoun nan kalifye pou I jwenn èd federal pou adopsyon an selon Tit IV-E nan Iwa sou sekirite sosyal la.
- Timoun nan pa kalifye pou I jwenn èd federal pou adopsyon an selon Tit IV-E nan Iwa sou sekirite sosyal la.

Seksyon V

Asistans Medikal/Sibvansyon Medikal

Gen Asistans Medikal ki disponib pou timoun ki kalifye nan Tit IV-E. Mete sou sa, yon timoun ki reponn ak kritè ki nan Iwa sou rekonsilyason bidjetè omnibus konsolide 1985 la (Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act of 1985 [COBRA]), ak Èd pou fanmi ki gen timoun y ap okipe (AFDC), ak Revni Sekirite Siplementè (SSI) oswa fanmi akèy yon paran ki minè, kalifye pou jwenn èd medikal(MA). Èd Medikal bay garanti pou timoun ki kalifye pou swen medikal, sèvis oswa materyèl yo jwenn nan klinik yon pwofesonèl swen sante ki enskri nan pwogram Èd Medikal. Yo p ap fè okenn pèman pou sèvis sinon sèvis ki gen yon asirans ki pwoteje yo oswa pèman lòt moun fè.

Nòt: Pou timoun ki kalifye selon Tit IV-E a, pou I demenaje al nan yon lòt Eta apre adopsyon an, sa ap mande pou yo transfere responsabilite èd medikal timoun nan te konn jwenn nan nan novo Eta kote I al rete a. Pou yon timoun ki kalifye pou èd medikal grasa MA/COBRA, si li demenaje al nan yon lòt Eta apre adopsyon an, pou yo kenbe MA/COBRA, sa pral depann de politik ki nan novo Eta kote I al abite a. Sepandan, Rejyon ki responsab kontra sibvansyon an pral kontinye responsab èd medikal la si timoun nan pa ka jwenn MA/COBRA nan lòt Eta a oswa sibvansyon medikal Eta Nouyòk la si timoun nan nòmalman kalifye.

Se yon Eta non federal ki finanse pwogram **Sibvansyon Medikal** la ki disponib pou timoun ki pa kalifye pou jwenn èd medikal, sa gen ladan MA/COBRA epi timoun nan andikape, oswa li difisil pou yo adopte timoun nan epi yon paran adoptif ki gen 62 zan oswa plis, oswa ki nan kondisyon pou I oblige pran retrèt nan travay li ye kounye a nan senk ane k ap vin apre adopsyon an. Sibvansyon medikal la limite ak depans pou swen sante yo, sèvis ak materyèl ki gen yon pwoteksyon asirans nan kad pwogram èd medikal ki pa gen ranbousman yon lòt asirans, yon èd medikal oswa nan nenpòt lòt kote. Pwofesonèl swen sante yo pa gen obligasyon pou enskri nan pwogram Èd Medikal. Men, yo peye sèlman kantite lajan ki pa depase sa yo detèmine pou pwogram Èd Medikal.

Nòt: Pou jiskaske adopsyon an fini, depans medikal pou timoun ki nan yon fanmi akèy pral kontinye peye pa mwayer fanmi akèy la.

Pou adopsyon sa a ka rive fèt, èd medikal, sa gen ladan MA/COBRA ak/oswa sibvansyon medikal baze sou eleman yo chwazi pi ba yo:

- Timoun nan andikape epi li kalifye selon Tit IV-E a, I ap ka benefisyè èd medikal la pou jiskaske I gen 18 tan; oswa pou jiskaske I gen 21 lane si kondisyon andikap li a mande pou I kontinye jwenn èd. Si kalifikasyon nan Tit IV-E a koupe a 18 tan, timoun nan ap jwenn pwoteksyon nan MA/COBRA pou jiskaske I gen 21 lane, oswa si I pa kalifye nan MA/COBRA, sibvansyon medikal Eta a Nouyòk la ap pwoteje I soti 18 tan pou jiska 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Timoun nan andikape men li pa kalifye selon Tit IV-E a, epi èd medikal MA/COBRA pral pwoteje I apati de dat responsab OCFS la te apwouve I la pou jiskaske I gen 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Timoun nan andikape men li pa kalifye selon Tit IV-E a, epi èd medikal MA/COBRA pral pwoteje I apati de dat responsab OCFS la te apwouve I la pou jiskaske I gen 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Li difisil pou yo adopte timoun nan e li kalifye selon Tit IV-E a , donk Asistans Medikal pral pwoteje I pou jiskaske I gen 18 tan. Annapre MA/COBRA pral pwoteje timoun nan soti 18 jiska 21 lane. Si gen yon moun ki te adopte timoun nan senk ane ki suiv retrèt obligatwa li a oswa a laj 62 zan oubyen plis, epi a laj 18 tan timoun nan nan pa t kalifye pou jwenn Asistans Medikal, sa gen ladan MA/COBRA, Sibvansyon Medikal Eta a bay nan Nouyòk pral pwoteje timoun nan soti 18 pou jiska 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Li difisil pou yo adopte timoun nan epi li pa kalifye selon Tit IV-E a epi MA/COBRA pral pwoteje li pou jiskaske I gen 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Li difisil pou yo adopte timoun nan e li pa kalifye selon Tit IV-E a epi li pa kalifye pou jwenn Asistans Medikal, sa gen ladan MA/COBRA, epi gen yon moun ki te adopte timoun nan nan senk ane ki suiv retrèt obligatwa li a oswa a laj 62 zan oubyen plis, sibvansyon medikal Eta a bay nan Nouyòk ap pwoteje timoun nan pou jiskaske I gen 21 lane, akondisyon paran adoptif la (yo) ap rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè.
- Timoun ki pa kalifye pou Asistans Medikal oswa Sibvansyon Medikal.

Seksyon VI
Kalkil Sibvansyon Antretyen

Tarif Pansyon pou kounye a/Demann Sibvansyon

Dènye Tarif Pansyon nan Fanmi Plasman: Senp Espesyal Eksepsyonèl

Demann Tarif pansyon pou Sibvansyon Adopsyon: Senp Espesyal Eksepsyonèl

Paran Minè/bebe: WI NON

Dat Efektif Sibvansyon an: Dat Adopsyon Legal la _____
(DAT)

Dat Sibvansyon reprezantan distri a oswa Eta a apwouve _____
(DAT)

Lòt (Bay dat ak Esplikasyon) _____
(DAT)

ESPLIKASYON

PATI A - Yo pa itilize revni paran an pou kalkile Sibvansyon an

Y ap peye chak mwa yon moun k ap okipe yon timoun yo adopte (sibvansyon pou antretyen) si timoun nan kalifye, epi sa pa gen rapò ak salè fanmi ki fè adopsyon an.

Tarif Pèdyèm Total:

Nòt: Tarif Pèdyèm Total gen ladan, alokasyon jounalye pou pansyon, alokasyon jounalye pou abiman, alokasyon pou kouchèt (si genyen), ak alokasyon jounalye pou yon timoun ki gen paran ki minè (si genyen).

PATI B - Yo pa itilize revni paran an pou kalkile Sibvansyon an

Yo kalkile kòb y ap peye chak mwa a an pati sou baz yon tarif jounalye epi ki pral varye toupti de yon mwa ak yon lòt, sa depan de konbyen jou ki gen nan yon mwa.

- A. Revni anyèl Paran an (yo) \$ _____
- B. Kantite moun ki nan fanmi an, ki gen ladan timoun yo adopte a: _____
- C. Revni ki mande yon sibvansyon 100% _____
- D. Rapò ant Revni Fanmi ak Revni ki mande yon sibvansyon 100%: _____
- E. Pousantaj Tarif pansyon ki dwe peye a: _____
- F. Tarif Pèdyèm Total \$ _____
- G. Revni anyèl Paran an (yo) \$ _____

Nòt: Tarif Pèdyèm Total Gen Ladan: Tarif alokasyon sibvansyon pa jou, tarif pou abiman pa jou, alokasyon pou kouchèt (si genyen) ak tarif pa jou pou yon timoun ki gen yon paran ki minè (si genyen).

Nòt: Paran adoptif la (yo) dwe prezante nan depatman sèvis sosyal oswa nan OCFS prèv sou kantite kòb li rantre, sa gen ladan I fich salè, oswa W-2 ki pi nouvo a, oswa yon relve sou salè patwon an bay, oswa nan ka kote gen kòb ki antre san se pa salè oswa alokasyon, bay yon kopi dènye deklarasyon enpo federal sou revni. Nimewo Sekirite Sosyal Paran adoptif la (yo) dwe nan enfòmasyon li bay yo, men se si paran an vle voye nimewo sekirite sosyal yo ale e nou pap refize yon aplikasyon pou sibvansyon adopsyon paske paran an pa t bay nimewo sekirite sosyal la.

Seksyon VI
Ajisteman nan pèman pou pansyon alimantè (Maintenance Payment)

Pèman pou pansyon alimantè ap ogmante nenpòt lè _____ Konte
 ogmante tarif chanm ak pansyon ak/oswa alokasyon pou ranplasman rad. Nan sèten sitiyasyon, ka gen yon diminisyon lè yon timoun pa kalifye ankò pou resevwa yon alokasyon pou kouchèt.

Nòt: Y ap egzamine chak ane ni kontra sa a ni kantite lajan ki nan pansyon alimantè a. Anrapò ak règleman OCFS yo, paran adoptif la (yo) kapab mande pou gen yon chanjman nan kantite lajan yo peye nan kontra sa a. Yon demann pou gen yon ogmantasyon lajan ki peye a dwe akonpaye ak yon modifikasyon kontra a ansanm ak dokiman ki gen rapò ak andikap timoun nan.

Seksyon VI
Depans Adopsyon ki pa renouvlab

Paran adoptif la (yo) dwe voye ale tout dokiman pou tout depans yo reklame ki pa renouvlab yo anvan pèman an e nan espas de zan pandan dekrè adopsyon final la.

Timoun nan kalifye pou l'jwenn èd federal pou adopsyon an selon Tit IV-E (gade seksyon IV nan kontra sa a);

OSWA

Timoun nan pa kalifye pou èd adopsyon federal la selon Tit IV-E a, men se yon timoun ki merite yon konsiderasyon espesyal jan yo mansyone sa nan 18 NYCRR 421.24(a)(2)(i-iv) oswa 421.24(a)(3)(iii)(a-f); epi Eta a deside pou timoun sa a pa retounen lakay paran l (yo); **epi** yo te fè sa ki te nesesè pou mete timoun nan lakay bon paran adoptif li a (yo) san èd pou adopsyon, men sa pa t reyisi. Sepandan, efò sa yo pa t ap yon pi bon avantaj pou timoun nan.

AK

Paran adoptif la (yo) swete aplike pou depans adopsyon ki pa renouvlab;

OSWA

Paran adoptif la (yo) pa swete aplike pou depans adopsyon ki pa renouvlab;

OSWA

Timoun nan pa kalifye pou depans adopsyon ki pa renouvlab. **[Sibvansyon Eta a Sèlman].**

Frè adopsyon ki pa renouvlab yo gen ladan depans nòmal e nesesè ki gen rapò dirèk ak adopsyon timoun nan epi ki pa gen okenn enstitisyon k ap ranbouse I. Depans ki pa renouvlab pou adopsyon gen ladan l frè pou adopsyon yo, frè pou lajistik, frè pou avoka ak lòt depans ki te fèt dirèkteman pou adopte legalman yon timoun ki merite yon konsiderasyon espesyal epi ki ann amoni ak lawa federal oswa Eta a. Yo pa gen dwa mande pèman frè adopsyon non renouvlab yo apre adopsyon an fini.

Seksyon IX
Siyati Paran Adoptif yo

Se responsabilite paran adoptif la (yo) pou enfòme depatman sèvis sosyal yo oswa OCFS lè legalman yo pa gen responsabilite pou okipe timoun nan ankò oswa lè yo deside pou yo pa bay timoun nan okenn èd.

Mwen/Nou paran adoptif (yo), te resevwa epi li "Rezime pwogram sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon ki pa renouvlab yo nan Nouyòk".

Mwen/Nou, Paran adoptif, te gen posiblite pou mwen/nou egzamine kontra a jan l te ranpli a epi m (nou) te gen posibilite pou m (nou) pale sou li ak avoka m (nou), epi m/nou te li tout kontra a epi m/nou konprann sa ki ekri ladan yo.

/ /

SIYATI PARAN ADOPTIF LA

DAT LA (MWA/JOU/ANE)

/ /

SIYATI PARAN ADOPTIF LA

DAT LA (MWA/JOU/ANE)

Seksyon X
Siyati Ofisyèl Depatman Sèvis Sosyal

APWOUVE

REFIZE

Nivo Tarif Sèvis Sosyal Distri a apwouve:

Senp

Espesyal

Eksepsyonèl

SIYATI OFISYÈL SÈVIS SOSYAL

DAT LA (MWA/JOU/ANE)

(DAT LA DWE MENM DAT OSWA PI TA PARAPÔ AK LÉ PARAN ADOPTIF LA (YO) TE SIYEN)

Seksyon XI
Siyati Ajans Volontè Otorize

APWOUVE

REFIZE

Nivo Tarif Ajans Otorize Volontè a apwouve:

Senp

Espesyal

Eksepsyonèl

SIYATI OFISYÈL AJANS VOLONTÈ OTORIZE

DAT LA (MWA/JOU/ANE)

Seksyon XII
Siyati Eta Nouyok pou Sèvis Adopsyon

APWOUVE

REFIZE

Nivo Tarif NYSAS Apwouve a:

Senp

Espesyal

Eksepsyonèl

SIYATI OFISYÈL NYSAS

DAT LA (MWA/JOU/ANE)

APPENDICE A
REZIME PWOGGRAM SIBVANSYON ADOPSYON AK DEPANS POU
ADOPSYON KI PA RENOUVLAB

Men yon rezime pwogram sibvansyon adopsyon yo ansanm ak depans pou adopsyon non renouvlab nan Eta Nouyòk. Si w gen nenpòt lòt kesyon konsènan sibvansyon adopsyon oswa konsènan frè pou adopsyon non renouvlab yo, tanpri kontakte moun ki responsab dosye w la oswa rele sèvis adopsyon nan Eta Nouyòk (New York State Adoption Services [NYSAS]) nan nimewo gratis sa a 1-800-345-5437. Si w gen kesyon konsènan Asistans Medikal, tanpri kontakte depatman sèvis sosyal nan zòn kote w rete a.

1. Otorite legal ki nan Eta a pou pwogram sibvansyon adopsyon ansanm ak frè pou adopsyon non renouvlab pou timoun ki kalifye yo sitiye nan seksyon 450-458 nan lwa sou sèvis sosyal yo (SSL) ak nan règlèman OCFS la, 18 NYCRR 421.24. Otorite jiridik federal ki aplike a se Tit IV-E a ki nan lwa sou sekirite sosyal la (atik 470-479).

Ann amoni ak kontra sa a, pèman pou sibvansyon pou antretyen yo ap toujou rete pou jiskaske timoun nan gen 21^{ane}, akondisyon paran adoptif la (yo) rete responsab devan lalwa pou pran swen timoun nan epi ba li nenpòt èd ki nesesè. Paran adoptif la (yo) pral resevwa yon avi chak ane sou obligasyon pou reponn ak bezwen timoun ki adopte a epi pou enfòme depatman sèvis sosyal yo si paran adoptif la (yo) pa bay timoun nan okenn èd oswa si li (yo) sispann responsab pou okipe timoun nan legalman. Avi chak ane a ap gen ladan obligasyon pou paran adoptif la (yo) bay yon atestasyon sou nivo edikasyon yon timoun yo adopte ki gen laj pou al lekòl genyen. Paran adoptif la (yo) ta dwe ranpli, siyen epi retounen fòmilè a ann amoni ak enstriksyon yo bay nan fòmilè a. **Pèman sibvansyon adopsyon yo dwe sispann lè paran adoptif la (yo) pa responsab pou ede timoun nan ankò yon fason ki legal oswa timoun nan pa jwenn okenn èd ankò nan men paran adoptif la (yo).**

2. Lè OCFS fin apwouve kontra pou patisipasyon federal la nan sibvansyon pou antretyen ak nan Asistans Medikal, yo ka mande paran adoptif la (yo) pou bay enfòmasyon tankou andikap mantal oubyen fizik timoun nan genyen si l gen dizuit tan (18), yon fason pou reponn ak egzijans federal yo ak/oswa pou timoun nan ka toujou kalifye pou resevwa èd medikal.

3. An jeneral, Sibvansyon pou antretyen p ap kòmanse anvan yon adopsyon fini nan ka yon timoun kote se responsab sèvis sosyal yo ki responsab li epi k ap okipe I. Pou yon timoun ki gen yon ajans volontè otorize ki responsab li epi k ap okipe I, sibvansyon pou antretyen an ap kòmanse lè kontra sa a jwenn dènye apwobasyon I si yo te gen tan apwouve yon ankèt lakay, si yo te siyen yon kontra pou adopsyon ak si yo te mete timoun nan lakay paran adoptif li a (yo). Fanmi ki adopte timoun ki kalifye yo resevwa yon kòb chak mwa san yo pa teni kont de salè fanmi an. Yo kalkile montan sibvansyon sa a nan seksyon VI ki nan kontra sa a epi li baze sou tarif alokasyon ki pou timoun nan. Revni fanmi an ak kantite moun ki nan fanmi an ka afekte tou. Lè se yon faktè, seksyon VI la ap afiche kalkil la. Tarif alokasyon ki aplikab la se:

- (i) nan ka yon timoun kote se responsab sèvis sosyal yo ki responsab li epi k ap okipe I nan objektif pou ede timoun nan jwenn yon adopsyon, tarif alokasyon depatman sèvis sosyal ki kenbe timoun nan nan lide pou l jwenn yon adopsyon oswa nan depatman sèvis sosyal kote paran adoptif la (yo) abite a, selon volonte depatman sèvis sosyal ki kenbe l la; oswa
- (ii.) nan ka yon timoun kote se responsab sèvis sosyal yo ki responsab li epi par an adoptif li a (yo) pa abite nan Eta a, se tarif alokasyon nan depatman sèvis sosyal a ki te responsab timoun nan epi ki te okipe l la ki aplikab; oswa
- (iii.) nan ka yon timoun kote se yon ajans volontè otorize ki responsab li epi k ap okipe I epi yo kenbe l kay paran adoptif ki abite nan mem depatman sèvis sosyal nan lide pou l jwenn yon adopsyon, tarif alokasyon ki nan distri sa a; oswa
- (iv.) nan ka yon timoun kote se yon ajans volontè otorize ki responsab li epi k ap okipe I epi yo kenbe l kay paran adoptif ki abite nan yon lòt depatman sèvis sosyal nan lide pou l jwenn yon adopsyon, tarif alokasyon ki nan lòt distri sa a; oswa
- (v.) nan ka yon timoun kote se yon ajans volontè ki gen otorizasyon ki responsab li e k ap okipe I epi yo kenbe l kay paran adoptif la (yo) ki abite nan lòt depatman sèvis sosyal yo nan lide pou l jwenn yon adopsyon, tarif alokasyon ki nan depatman sa a; oswa
- (vi.) nan ka yon timoun ki reponn ak kondisyon yo mande pou l kalifye pou jwenn èd pou adopsyon ann amoni ak Tit IV-E a, epi yon ajans pou adopsyon prive ki an deyò eta a mete l kay paran adoptif li a (yo) ki abite nan Nouyòk, tarif alokasyon depatman sèvis sosyal kote paran adoptif la (yo) abite a.

Depatman sèvis sosyal yo deziyen kòm depatman ki responsab pou egzekite kontra a, ap rete depatman sèvis sosyal ki responsab pou kèlkeswa kote fanmi an al rete annapre. Kontra sa a ap toujou valab nan kèlkeswa Eta kote paran adoptif la (yo) al rete nan nenpòt moman.

4. Lè kontra a bay avantaj medikal:

- (i.) Asirans medikal yo bay la ap garantii sèlman depans pou swen yo, sèvis yo ak materyèl ki otorize nan kad Pwogram Asistans Medikal Eta a bay.
- (ii.) Pèman sibvansyon medikal yo dwe fèt sèlman pou depans ki te fèt pou swen yo, sèvis yo ak pou materyèl kote ni timoun nan ni paran adoptif la (yo) p ap jwenn pèman oswa ranbousman nan men asirans la, èd medikal la oswa lòt kote.
- (iii.) Pèman sibvansyon Medikal yo p ap ka limite ak sitiayson patikilye kote yo konsidere yon timoun tankou yon timoun ki andikape, men yo dwe fè sa pou tout swen yo, sèvis yo ak materyèl ki dwe peye nan kad Pwogram Asistans Medikal Eta a bay. Montan pèman sa yo p ap depase barèm y ap peye pou swen sa yo, sèvis yo ak materyèl ki disponib nan kad Pwogram Asistans Medikal Eta a bay.
- (iv.) Yo pap ni revize ni chanje kontra pou pèman sibvansyon medikal yo, sepandan, responsab sèvis sosyal yo gen dwa mande sa pou satisfaksiyon pèsònèl responsab sèvis sosyal yo, petèt chak ane ak/oswa pandan y ap soumèt nenpòt demann, enfòmasyon sou asirans medikal oswa yon lòt asirans paran adoptif la (yo) genyen yon fason pou jwenn yon amoni ak paragrap (ii) ki nan seksyon sa a.

APENDIS A - Swit

5. Paran adoptif la (yo) dwe fè depatman sèvis sosyal yo konnen tout chanjman ki gen nan estati rezidans oswa depandans timoun nan, sa gen ladan I kék sikontans ki ta ka lakoz yo vin pa kalifye pou bay èd sa a ankò, ansanm ak nenpòt sikontans ki ta kalifye yo pou pèman èd nan yon montan ki diferan.

Si timoun ou te adopte a ta dwe transfere nan yon fanmi akèy, yo ka mande w pou w bay yon èd finansye pou konpanse omwen yon pati nan pri swen yo.

6. Lè moun ki te adopte timoun nan mouri, anvan timoun nan gen 18tan, yo dwe bay moun ki responsab timoun nan yon fason legal oswa moun ki conn okipe I la pèman y ap fè sou baz kontra sa a, epi se jij timoun ki adopte a k ap chwazi moun sa a pou jiskaske timoun nan gen 21 lane, akondisyon nan moman lanmò a, paran adoptif timoun nan te responsab legalman pou pran swen timoun nan oswa yo te conn soutni I yon fason oswa yon lòt. Lè moun ki responsab yon timoun ki gen mwens pase 18 tan oswa ki t ap okipe timoun nan legalman an epi se menm moun sa a ki te responsab timoun nan moman yo t ap bay lèt pou pran swen timoun nan oswa lè jij la t ap bay lòd pou pran responsabilite timoun nan, pèman yo dwe fèt alavans apati de dat lanmò paran an (yo). Lè paran adoptif timoun nan mouri apre timoun nan fin gen 18 tan, yo dwe remèt pèman k ap fèt sou baz kontra sa a bay moun ki responsab timoun nan legalman, epi se jij timoun ki te adopte a k ap chwazi I, yo ka bay timoun ki te adopte a kòb la oswa yo ka bay yon benefisyè ki reprezante timoun nan, ann amoni ak dispozisyon atik 453 nan lwa sou sèvis sosyal yo jiskaske timoun nan gen 21 lane, akondisyon nan moman paran adoptif timoun nan t ap mouri a, paran sa a (yo) te responsab legalman pou okipe timoun nan epi yo te conn soutni I yon fason oswa yon lòt. Yo dwe fè pèman sa yo apati de dat paran adoptif la (yo) mouri a.

7. Tout moun ki pa dakò ak desizyon pou yon responsab nan depatman sèvis sosyal yo oswa pou biwo sèvis pou timoun ak fanmi ki nan Nouyòk la pou pa gen pèman ki fèt sou baz kontra sa a oswa pa mwayen yon desizyon ki pèmèt yo fè pèman sa a nan yon montan ki pi piti oswa ki pa kòrèk, oubyen paske responsab sa a te manke chita sou yon demann nan trant (30) jou ki vin apre yo te depoze I la gen dwa fè apèl nan biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi nan Nouyòk la epi mande yon odyans san paspouki sou sijè a. Yon demann pou yon odyans san paspouki dwe fèt nan swasant (60) jou apre avi desizyon ajans lan. Sèl pwoblèm ki ka genyen nan yon odyans san paspouki se:

- (i.) si responsab depatman sèvis sosyal yo oswa biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi ki nan Nouyòk la rejte yon fason ilegal demann pou sibvansyon an, sa gen ladan I feblès pou pibliye yon desizyon sou yon demann nan trant (30) jou apre yo te depoze I; oswa
- (ii.) si responsab depatman sèvis sosyal yo oswa biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi ki nan Nouyòk la koupe, yon fason illegal, pèman ki te fèt sou baz kontra sa a; oswa
- (iii.) si responsab depatman sèvis sosyal yo oswa biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi nan Nouyòk la estime montan pèman an te fèt yon fason ki vyole dispozisyon legal yo oswa règleman yo.

8. Paran adoptif la (yo) ka ekri biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi ki nan Nouyòk la pou mande yon odyans san paspouki, Inite odyans san paspouki, 52 Washington Street, Rensselaer, NY 12144-2796. Lòt dwa paran adoptif la (yo) genyen yo anrapò ak pwosesis odyans san paspouki a mansyone nan Seksyon 455 nan SSL ak 18 NYCRR 421.24(g) ak 18 NYCRR Pati 358.

9. Sibvansyon pou antretyen an pran an konsiderasyon tout ogmantasyon anyèl nan tarif alokasyon fwaye akèy la ansanm ak alokasyon pou chanjman rad.

10. Depans adopsyon ki pa renouvlab Pou yon timoun ka kalifye pou pwogram frè pou adopsyon non renouvlab yo, timoun nan dwe fè pati timoun ki merite yon konsiderasyon espesyal. Yo konsidere yon timoun merite yon konsiderasyon espesyal lè:

- (a) Eta a estime li pa kapab oswa yo pa gen dwa retounen I lakay paran I (yo); epi
- (b) swa li ka andikape jan yo konsidere sa nan NYCRR 421.24(a)(2) swa li difisil pou yo adopte timoun nan jan yo konsidere sa nan NYCRR 421.24(a) (3)(iii); epi
- (c) gen efò serye ki te fèt pou mete timoun nan lakay paran adoptif ki awopriye a san pa gen sibvansyon pou adopsyon, men sa pa t mache, sof si sa pa t ap yon pi bon avantaj pou timoun nan paske gen kék eleman tankou gwo relasyon afektif ki genyen pou paran adoptif li t apral genyen an (yo) antanke timoun yo mete nan yon fwaye akèy oswa yon timoun yo mete lakay yon fanmi I.

Pèman frè adopsyon non renouvlab yo ap fèt nan yon sèl vèisman epi li pa dwe depase nivo maksimòm biwo Eta a ki pou sèvis timoun ak fanmi etabli a. Pèman frè adopsyon ki pa renouvlab yo dwe fèt sou baz yon kontra ekri ki siyen (apwouve) anvan adopsyon an fini.

Paran adoptif la (yo) dwe voye ale tout dokiman pou tout depans yo reklame ki pa renouvlab yo anvan pèman e nan espas de zan pandan dekrè adopsyon final la. Yo ka peye swa paran adoptif la (yo) swa yon avoka nan non paran adoptif la (yo).

Kontra sa a ap rete anplas si paran adoptif la (yo) ta deplase ale nan yon lòt Eta. Paran adoptif la (yo) ki abite andeyò Eta Nouyòk k ap fè fas ak pwoblèm anrapò ak pèman sibvansyon ak/oswa frè adopsyon ki pa renouvlab selon kontra sa a ka mande èd nan depatman sèvis sosyal yo bay nan paj 1 ki nan kontra sa a.

Paran adoptif k ap fè fas ak pwoblèm konsènan sèvis medikal yo jan yo mansyone sa selon kontra sa a ka mande èd nan depatman sante ki nan Eta Nouyòk la oswa nan depatman sèvis sosyal yo bay nan paj 1 ki nan kontra sa a.

11. Sibvansyon apre yon Adopsyon fini. Yo ka aplike pou yon sibvansyon adopsyon epi yo jwenn li apre adopsyon timoun nan si moun ki adopte timoun nan vin okouran pou premye fwa sou eta timoun nan, sou andikap fizik oswa emosyonèl timoun nan genyen apre adopsyon an EPI si yon doktè konfime eta timoun nan oswa andikap li a te egziste depi anvan adopsyon an.

TANPRI SONJE: Kredi taks Federal ak Kredi taks Eta kapab disponib. Li rekòmande pou w konsilte yon espesyalis nan domèn taks oswa IRS pou w ka konnen si w kalifye epi pou w verifye ki konsekans yon pèman pou frè adopsyon non renouvlab ka genyen sou kredi sa yo.

SA A SE DÈNYE PAJ KONTRA SOU SIBVANSYON ADOPSYON ANSANM AK KONTRA SOU DEPANS POU ADOPSYON NON RENOUVLAB YO